



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI SANT AFWO-AMERIKEN POU
DEVLOPMAN KILTIRÈL NAN OLEAN**

***Pwojè a te resevwa lajan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la pou prezève istwa
rejyonal ak kilti afwo-ameriken***

Foto pwojè ki fini yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo ouvèti Sant Afriken Ameriken pou Devlopman Kiltirèl (African American Center for Cultural Development, AACCCD) nan Olean. Renovasyon yon kay istorik nan 214 North Barry Street te bay yon kay pèmanan pou òganizasyon san bi likratif yo nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Eta a. Misyon òganizasyon an se pou bay valè, pwomouvwa ak entegre istwa ak kilti nwa rich ak divèsifye nan Lwès New York ak rejyon Sid Eta New York atravè selebrasyon talan, lavi, ak istwa Afriken Ameriken yo nan rejyon an.

"Achèvman sant sa a ajoute yon lòt enstitisyon enpòtan nan lis moniman nou ki anseye, prezève, ak selebre istwa Nwa nan New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a sipò eta a, Sant Afriken Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la ap ouvri pòt li nan Olean anba gwo lidèchip Della Moore epi l ap ede pataje istwa kontribisyon Nwa Nouyòkè yo nan rejyon sa a ak nan eta nou an avèk rezidan ak vizitè yo pou ane k ap vini yo."

Fonde an 2010, pa aktivis ak lidè kominotè Della Moore, Sant Afriken Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la te evolye soti nan rèv komen senk moun pou ankouraje istwa Afriken Ameriken yo nan Olean ak rejyon Lwès New York ak Southern Tier. An 2022, apre plizyè ane yo te loje nan trimès tanporè, yon biznis lokal te bay yon kay de etaj, 2,850 pye kare ki te bati an 1891 pou itilize kòm yon kay pèmanan pou sant lan.

Direktris Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la, Della Moore, te deklare, "Mwen kontan anpil dèske Bondye te mennen nou byen lwen. Mèsi a tout sipòtè nou yo pou swe, tan, ak lajan nou. Nou pa t ap kapab rive nan jou eksitan sa a san èd nan men tout moun ki te kontribiye ak patisipe. Sant Afwo-Ameriken sa a se pou nou tout. Jiskaprezan, nou te kapab fini ak ouvri premye etaj la. Mwen konnen nou tout ap fyè. Ke Bondye beni nou."

Restorasyon bilding lan te gen ladann ajoute yon nouvo sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizè), yon nouvo asansè, enstalasyon yon nouvo kwizin komèsyal ak enstalasyon yon nouvo twalèt. Nou te fè modifikasyon nan bilding nan tou pou rann li aksesib pou andikap, avèk tout sifas yo ki fèk pentire, nouvo planche yo enstale, ak nouvo ekspozisyon mize yo te achte ak enstale.

Atravè foto, ekspozisyon, liv ak souvni pale moun ki te grandi nan zòn nan ak ozalantou, sant lan fè efò pou rakonte istwa pase, pandan l ap prezève eritaj la pou jenerasyon k ap vini yo. Vizitè yo pral jwi yon richès kilti nan sant lan avèk kapasite entegre pou plizyè estasyon òdinatè, yon ekran pou fim, ak sistèm son pou akomode reyinyon, espektak, prezantasyon edikatif ak divès evènman òganizasyonèl. Sant lan gen yon mize kilti Afriken Ameriken tou nan nouvo lokal la.

Yo te nonmen Vil Olean yon gayan 2yèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) la nan mwa out 2017. Pwojè Sant Afwo-Ameriken an te resevwa 225,000 dola ki soti nan DRI, ansanm ak anpil kado ki soti nan men donatè ki bay sipò yo.

Anplis pwojè Samt Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la, Vil Olean te resevwa 5.45 milyon dola atravè DRI pou senk pwojè travay piblik ki gen ladan Amelyorasyon Peyizaj Lari North Union ak amelyorasyon nan South Union Street, West State Street, East State Street ak Pak Oak Hill. Lòt pwojè ki te resevwa finansman DRI yo enkli Old Library Restaurant & Inn, Four Mile Brewing ak renovasyon bilding istorik an ranje nan 319 ak 321 N. Union Street. Yo te etabli yon fon revitalizasyon ak reyabilitasyon anba lavil tou pou ankouraje ak sipòte investisman nan pwopriyete anba lavil yo.

Ouvèti sant lan bati sou ak pwolonje travay Komisyon 400 Ane Istwa Afwo-Ameriken an, ke Gouvènè Hochul te lanse an 2022 pou anplifye ak selebre yon bann kontribisyon, akonplisman ak kontribisyon Afwo-Ameriken ak Nouyòkè Nwa.

Hope Knight, Prezidan Direktè Jeneral ak Komisè Empire State Development, te deklare, "Pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Hochul la ap kreye sant ki pi dinamik nan vil la atravè eta a. Sant Afwo-Ameriken an jwe yon wòl enpòtan nan prezève eritaj kiltirèl rejyon an, pandan l ap ajoute nan renesans anba lavil Olean."

Sekretè Deta New York Enterimè, Brendan C. Hughes, te deklare, "Ouvèti Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la make yon lòt etap enpòtan nan transfòmasyon Vil Olean atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a. Pwojè sa a te konbine de benefis kominote a nan yon sèl nan renovasyon pi ansyen bilding nan anba lavil Olean pou kreye yon nouvo espas pou rezidan yo selebre epi aprann sou istwa ak kilti Nwa rich rejyon an. Depatman Deta a kontan dèske li te ede bay enstitisyon kiltirèl enpòtan sa a yon kay pèmanan, epi nou espere wè enpak pozitif li byen lwen nan lavni."

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Gran ouvèti Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la se vrèman yon rezon pou selebrasyon. Moman sa a reprezante akimilasyon yon vizyon fondatè Della Moore te pouswiv avèk pasyon ak devouman ak establisman yon resous edikatif ki pral asire kontribisyon Afwo-Ameriken nan rejyon yo

konnen ak selebre pou jenerasyon k ap vini yo. Finansman DRI ki te ede rann sa posib, ansanm ak anpil don prive, se yon reflè gwo sipò ak antouzyas ki te akonpaye devlopman pwojè sa a. Remèsiman sensè mwen pou patnè yo nan Empire State Development, Vil Olean, ak tout moun ak biznis ki te rann akonplisman sa a posib. Mwen espere wè plis siksè pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble Joseph M. Giglio, te deklare, "Se yon jou mèveye non sèlman pou Olean, men pou tout eta nou an. Inogirasyon jodi a ak gran ouvèti Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la se rezilta dirèk lafwa, pasyans ak pèsistans Della Moore. Pandan plis pase 10 ane, Della te simonte tout obstak pou asire istwa Afwo-Ameriken yo nan rejyon nou an ap konsève epi pataje pou jenerasyon k ap vini yo. Mèsi a tout volontè ak donatè ki te kontribiye nan Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la epi mèsi a Empire State Development paske yo te rekonèt enpòtans pwojè sa a ak paske yo envesti nan kominote nou an."

Majistra Vil Olean, William Aiello, te deklare, "Vil Olean kontan dèske Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl gen yon kay pèmanan nan anba lavil nou an e li kontan dèske li te resevwa finansman nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Sant lan vin tounen yon poto mitan nan kominote nou an e Della Moore te travay san pran souf pou pwomouvwa istwa rich lokal ak nasyonal Afwo-Ameriken yo. Optimis li ak antouzyas li, karakteristik ke li transmèt bay nenpòt moun li rankontre, te alimante rèv sa a, te fè l tounen yon reyalyte epi distri anba lavil Olean an pral rekòlte avantaj ki genyen nan òganize enstitisyon inik kiltirèl ak edikatif sa a."

Direktè Egzekitif Fondasyon Kominotè Rejyon Cattaraugus, Kirk Windus, te deklare, "Nan Fondasyon Kominotè Rejyon Cattaraugus (Cattaraugus Region Community Foundation, CRCF), nou te gen plezi pou nou sipòte Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl nan pèmèt pwojè sa a reyalyze. Se te yon travay presye ki aliyen ak misyon nou an, ki se amelyore lavi atravè filantwopi, jan nou konnen AACCD pral anrichi lavi moun ki nan kominote nou an nan selebre eritaj ak kilti kominote Afwo-Ameriken an nan nivo nasyonal ak lokal. Nou espere travay AACCD a pral fè pou selebre istwa ak yon istwa ki merite pou nou selebre."

W ap jwenn plis enfòmasyon sou Sant Afwo-Ameriken pou Devlopman Kiltirèl la [isit la](#).

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalyze objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan sèt premye ane pwogram nan, eta a te angaje 800 milyon dola, envesti nan 81 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)